



Pou Piblikasyon Imedya: 06/02/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO LWA POU KLARIFIE DIVILGASYON FRÈ
SIPLEMANTÈ KAT KREDI YO K AP ANTRE AN VIGÈ DIMANCH 11 FEVRIYE**

*Gouvènè Hochul te siyen yon lwa an desanm 2023 pou pi gwo pwoteksyon
konsomatè yo ak plis transparans*

*Tranzaksyon biznis ki enpoze yon frè siplemantè pou kat kredi yo dwe afiche pri
total tranzaksyon yo, ki gen ladan frè siplemantè, anvan yo vann*

*Pou ede biznis yo, Depatman Deta a te kreye yon [gid](#) ak [videyo](#) sou frè siplemantè
pou kat kredi yo pou ede biznis yo konfòme yo ak lalwa*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo lwa sou pwoteksyon konsomatè ki pral antre an vigè 11 fevriye 2024. Nouvo lwa sa a pral amande epi klarifye lwa sou frè siplemantè kat kredi ki egziste deja nan New York. Divizyon Pwoteksyon Konsomatè (Division of Consumer Protection, DCP) NYS la ede konsomatè yo ki leze sou mache a ak Pwokirè Jeneral Eta New York la epi gouvènman lokal yo gen otorite pou aplike lwa frè siplemantè kat kredi a. Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Depatman Deta Eta New York la rekòmande pou lokalite ki enterese yo revize [Let Mizajou Jiridik sou Frè Siplemantè Kat Kredi DCP a](#) pou plis enfòmasyon.

"Nouyòkè yo pa ta dwe janm oblije fè fas ak depans kat kredi kache yo, epi lwa sa a pral asire moun yo ka gen konfyans ke acha yo pa pral lakòz frè siplemantè pa sipriz", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Transparans enpòtan anpil nan bati konfyans ant biznis ak kominote yo epi kounye a, kliyan yo pral ekipe pou bidjete kòm sadwa."

Lwa a, ki te siyen pa Gouvènè Hochul nan dat 13 desanm 2023 a, bay pi gwo transparans ak pwoteksyon pou konsomatè yo lè li:

- Limite frè siplemantè kat kredi yo a kantite lajan konpayi kat kredi a chaje biznis la; epi
- Egzije biznis yo afichr anvan yo tcheke:
 - pri total yon atik oswa yon sèvis enkli frè siplemantè kat kredi a; oswa
 - yon opsyon pri nan de nivo, ki mande pou pri kat kredi a afiche ansanm ak pri lajan kach la.

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Nouyòkè k ap itilize kat kredi yo gen dwa pou konnen pri total pou achta, enkli nenpòt frè sipleman tè, anvan yo rive nan rejis la. Nouvo lwa sa a ki te siyen pa Gouvènè Hochul pral ofri klète epi bay transparans ni pou konsomatè yo ni pwopriyetè biznis yo konsènan frè sipleman tè yo lè y ap itilize yon kat kredi."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Transparans nan pri enpòtan pou moun ka pran desizyon enfòmè lè y ap depanse lajan yo genyen anba redi. Egzije biznis pou divilge frè kat kredi yo ede konsomatè yo pi byen konprann depans total la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen pwojè lwa sa a an lwa pou pwoteje konsomatè yo."

Manm Asanble Amy Paulin, te deklare, "Nouvo lwa sa a pwoteje Nouyòkè yo kont frè sipleman tè kache lè li egzije vandè yo pou yo afiche klèman pri yon frè sipleman tè kat kredi. Yo dwe divilge frè sipleman tè kat kredi yo kouye a yon fason klè pou kliyan yo totalman okouran de yo davans pa sèlman lè yo ale peye. Sa a gen pou wè ak transparans, jistis ak anpeche yo twonpe konsomatè yo lè y ap fè acha ak kat kredi yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li ede pwoteje Nouyòkè yo."

Pratik ak egzanp sa yo konfòmè yo ak egzijans lwa avi sou frè sipleman tè pou kat kredi yo. Gade [Dokiman Gid Frè Sipleman tè sou Kat Kredi](#) ak [videyo edikatif](#) Depatman pou plis egzanp:

SA POU FÈ:

- Biznis la bay lis pri kat kredi ki pi wo a akote yon pri lajan kach ki pi ba.
- Biznis la bay lis pri kat kredi pou atik ak sèvis yo, epi fè kliyan yo konnen yo pral resevwa yon rabè pou itilizasyon lajan kach.
- Biznis la chanje tout pri nan pri kat kredi a.

SA POU PA FÈ:

- Biznis la afiche yon siy sou pòt la ak nan rejis la ki endike yon lòt frè sipleman tè 3.9 pousan ap aplike pou acha kat kredi.
- "Biznis sa a gen yon ankourajman rabè 4 pousan lajan kach ki entegre tout pri. Nenpòt acha ki fèt ak yon kat kredi oswa debi p ap resevwa rabè lajan kach la epi yo pral montre yon ajisteman pri sou resi w la."
- Yo chaje itilizatè kat kredi yon frè komodite, frè sèvis, frè administrasyon, ajisteman ki pa lajan kach, frè teknoloji, frè tretman, elatriye, epi yo ajoute kòm yon atik separe sou yon resi kliyan.
- Pri yon atik montre "10.00 dola, + 4 pousan si w ap peye ak yon kat kredi."

REMAKE: Lwa sa a pa aplike pou kat debi.

Divizyon Pwoteksyon Konsomatè a bay konsomatè yo asistans edikatif sou fason pou yo pwoteje tèt yo kont pratik enjis pandan y ap ofri kominote biznis la resous pou ede yo konfòme yo ak lalwa epi anpeche pratik ki ge fwod ak twonpri. Apre 11 fevriye 2024, lwa a pral pèmèt gouvènman lokal yo rantre nan aplikasyon lwa sa a, bay konsomatè yo resous adisyonèl pou konfòme yo ak bay gouvènman lokal yo plis opòtinite pou ankouraje pwoteksyon konsomatè pou sitwayen pa yo. Si gen nenpòt pwoblèm ki gen rapò ak pri kat kredi nan rejis la, DCP ankouraje konsomatè yo pou:

- [Depoze yon plent ak DCP](#) pou resevwa yon ranbousman nenpòt frè depase yo peye yon machann nan Eta New York, oswa
- [Depoze yon plent ak Pwokirè Jeneral la](#) oswa gouvènman lokal k ap patisipe yo pou fè yon komèsan ou kwè ki te vyole lalwa respekte lalwa.

Enfòmasyon sou Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la

Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la bay konsomatè yo resous ak materyèl edikasyon, ansanm ak sèvis medyasyon volontè ant konsomatè yo ak biznis yo. Liy Èd Asistans Konsomatè a 1-800-697-1220 disponib soti lendi rive vandredi depi 8:30am rive 4:30pm, sa pa enkli peryòd Vakans Eta a yo, epi nou kapab depoze plent konsomatè yo nenpòt lè nan www.dos.ny.gov/consumer-protection.

Pou lòt konsèy sou pwoteksyon konsomatè yo ak alèt pou konsomatè yo, konsomatè yo ka vizite sit entènèt DCP a oswa swiv DCP sou rezo sosyal yo atravè Twitter nan @NYSConsumer oswa Facebook nan www.facebook.com/nysconsumer.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)